

# Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens

Sekretarya Achidyosèz Pòtoprens  
56, Ri Pikan ak Lama, Pòtoprens - Ayiti

nan kolaborasyon ak

*Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

*Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè*

Secrétariat national  
BP 1572, Port-au-Prince Haïti 6110  
Tel 29 43 00 79  
[cenjp@yahoo.com](mailto:cenjp@yahoo.com)  
[www.justicepaixhaiti.org.ht](http://www.justicepaixhaiti.org.ht)

**Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan**  
***Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince***

## JE WÈ, BOUCH FÈT POU PALE

**Mwa jiyè rive sektanm 2018**

***FOWOM 5 ak 6 sektanm 2018***  
***VYOLANS AK KRIMINALITE NAN PEYI d AYITI***  
***KI SA K LAKOZ ? KI KONSEKANS LI GENYEN ?***  
***Konklizyon ak pwopozisyon***

# 68

*Orijinal an kreyòl*  
*Texte en français : voir pages 3, 12 et 22*  
*Résumé en anglais, p. 4 ; en espagnol, p. 5*  
*En cas de citation du rapport, veuillez indiquer la source*

## Lèt louvri pou tout Otorite Sivil, Otorite jidisyè ak plisyè nan peyi a

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè nan kolaborasyon ak Komisyon Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens salye nou ak anpil respè. Nan mwa sektanm ki sòt pase a, Komisyon an ak konkou plizyè espesyalis te reyalize yon Fowòm sou tèm : **Vyolans ak kriminalite nan peyi d Ayiti : ki kòz ak ki konsekans yo genyen ?** Yon fason espesyal nou te gade vyolans k ap fèt nan katye popilè yo.

Sityasyon an pa fasil, se vre. Men se wòl yon Leta responsab pou pran devan pou mete sou pye yon solisyon k ap fini ak tout fristrasyon ki genyen nan zòn sa yo. Leta dwe prezan ak diferan sèvis sosyal yo pou bay jèn yo espwa nan yon denmen k ap pi bon. Yon apwòch represif, kote kòz yo pase anba pye, pa p janm rive bay yon rezilta dirab.

Fowòm nan, finalman plede epi pwopoze pou otorite Leta a elabore yon vrè **politik piblik sekirite**. Tout aktè yo dwe genyen wòl yo ladan l. Men anvan tout lòt bagay, yon politik konsa dwe reponn ak bezwen fondamantal popilasyon an genyen ; li dwe satisfè anvi jèn yo pou rive nan yon lavi miyò; li dwe reponn ak diyite moun nan katye popilè yo genyen ; li dwe respekte dwa chak moun, pou popilasyon an tou kapab reponn nan fè devwa l.

Konklizyon Fowòm nan reprann 7 gwo pwèn ki fondamantal :

1. Dwe gen respè pou tout dwa chak moun genyen : dwa sosyal ak ekonomik yo antre ladan tou ;
2. Leta a dwe yon leta responsab ki chèche sa k bon pou chak moun, ki chèche patisipasyon tout moun ; epi tou twòp otorite mele nan vyolans ak kriminalite, sityasyon sa a dwe pran bout ;
3. Lajistis merite yon atansyon espesyal : li dwe endepandan ak lòt Pouvwa Leta yo ; chèn penal la dwe mache kòrèk ; Lajistis dwe pwòch ak popilasyon an ;
4. Politik la dwe fèt yon lòt jan, pa tankou yon batay pou pouvwa san gade dèyè. Politik la dwe re-jwenn vre misyon l pou òganize sosyete a nan enterè tout moun ;
5. Trafik woutye tou dwe fèt san vyolans ; otorite yo tou dwe respekte prensip trafik yo ;
6. Mantalite pèp nou an tou merite chanjman ladan l: gen twòp laperèz ak mefians, kliyantelis ak dominan moun;
7. Peyi a merite yo fè yon dyalòg tout bon, yon vrè deba nasyonal pou rive mete sou pye yon politik nasyonal sekirite ak yon bon vizyon, epi ak objektif pou mobilize tout aktè yo nan sosyete a.

Nou kapab li diferan konklizyon sa yo nan rapò sa a. Nan jwenn tou diferan ka vyolans ki te rive nan zòn metwopolitèn nan pandan 3 dènye mwa yo (jiye rive sektanm 2018). Nou konstate nivo vyolans nan kapital ap ogmante. Leta poko janm chèche yon solisyon dirab pou zafè pwoblèm zzyèm seksyon Matisan an. Zòn nan tounen yon leta nan Leta a. 4 depatman ak mwatye depatman Lwès prèske koupe ak rès peyi a. Se Leta a, atravè aksyon Gouvènman an, ki dwe aji pou pote lapè nan zòn nan ak nan tout peyi a.

Sekretarya Komisyon an remèsye tout otorite nan Leta yo ki pèmèt yo verifye kèk enfòmasyon oswa done, tankou Lapolis Nasyonal d Ayiti (PNH). Komisyon an salye nou epi remèsye nou pou bon akèy n ap bay 68yèm rapò sa a.

##

## Lettre ouverte aux Autorités Civiles, Judiciaires et Policières du Pays

La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix, en collaboration avec la Commission Archidiocésaine Justice et Paix de Port-au-Prince vous saluent respectueusement. Au cours du mois de septembre passé, la Commission avec le concours de plusieurs spécialistes a réalisé un forum sur **Violence et Criminalité en Haïti : Causes et Conséquences**. D'une façon spéciale, nous avons étudié la violence dans les quartiers populaires.

La situation est certes complexe. Cependant, il appartient à l'Etat de prendre ses responsabilités, mais aussi des initiatives pour arriver à des solutions afin de pouvoir éradiquer les frustrations qui pèsent sur ces zones. L'Etat doit être présent, créant des services sociaux pouvant faire renaître l'espoir d'un lendemain meilleur. Une approche répressive, sans toucher les causes profondes des problèmes, ne donnera que des futilités.

Le Forum dans ses conclusions, plaide pour que les autorités étatiques élaborent une vraie politique de sécurité publique. A cet effet, tous les acteurs ont leur rôle à jouer. Cette politique doit répondre aux besoins fondamentaux de la population, répondre à la volonté des jeunes pour une vie meilleure, garantir la dignité des personnes dans les quartiers populaires ; elle doit respecter les droits de chacun et apprendre aux gens qu'ils ont, eux aussi, leur devoir à réaliser comme citoyen.

Ainsi, nous pouvons résumer les **conclusions** du Forum en sept grands points fondamentaux que sont :

1. Les droits fondamentaux de chaque personne doivent être strictement respectés, y compris les droits sociaux et économiques ;
2. L'Etat doit être responsable pour réaliser et protéger le principe du « bien commun » qui suppose la justice distributive et la participation de tous et de toutes. L'implication de plusieurs autorités dans des actes de violence et de criminalité est affreuse. Il faut vite y trouver une solution ;
3. La Justice mérite une attention spéciale : elle doit être indépendante des autres Pouvoirs de l'Etat ; la chaîne pénale doit marcher correctement ; la Justice doit être proche de la population ;
4. La politique doit reprendre son vrai rôle. Elle ne doit pas être comme une lutte pour le pouvoir, mais elle doit être revêtue de sa vraie mission qui est d'organiser la société dans l'intérêt de tous et de toutes.
5. Le trafic routier doit se faire sans violence ; les autorités, eux aussi doivent respecter les principes du trafic routier ;
6. Il faut des changements radicaux dans la mentalité populaire du peuple Haïtien : trop de méfiances, trop de peurs font leur demeure dans les relations interpersonnelles. Il faut dire « non ! assez » au clientélisme et à l'autoritarisme qui dominent la société !
7. Le pays mérite un bon dialogue, un vrai débat national. Ce faisant, nous pourrions arriver à **une politique nationale de sécurité**, avec une vision et des objectifs qui permettent de mobiliser les acteurs sociaux.

Vous pouvez aussi lire les différentes conclusions dans ce rapport, tout comme les cas de violence mortelle au cours de ces 3 derniers mois (juillet à septembre 2018), montrant le niveau toujours élevé de la violence dans la zone métropolitaine. Le cas de la ville de Port-au-Prince

est vertigineux. Jusqu'à présent, il n'y a pas encore de solutions aux différents problèmes qui grignotent la 3<sup>ème</sup> section communale de Martissant. La zone est presque devenue un état indépendant dans l'Etat. Quatre (4) départements, mais aussi la moitié du département de l'Ouest sont presque coupés du reste du pays. L'Etat, à travers l'action gouvernementale doit agir en urgence pour une la paix durable dans cette zone et dans tout le pays.

Le Secrétariat de la Commission remercie les autorités étatiques qui lui ont permis de vérifier certaines informations et données, comme la PNH (Police Nationale d'Haïti). Et pour vous tous qui lirez ces actes, la Commission vous salue et vous remercie du bon accueil que vous réserverez à ce 68<sup>ème</sup> rapport.

## Open letter to the Country's Civil, Judicial and Police Authorities

The Episcopal National Justice and Peace Commission in collaboration with the Commission Archdiocesan Justice and Peace of Port-au-Prince greet you respectfully. During the last month of September, the Commission, with the assistance of several specialists, conducted a **Forum on Violence and Crime in Haiti: Causes and Consequences**. In a special way, we studied violence in popular neighborhoods.

The situation, of course, is complex. But it is up to the State to take responsibility and take initiatives to come up with solutions for the frustrations that dominate these areas. The state must be present with social services that make hope in a better tomorrow be reborn. A repressive approach, without touching the root causes, will not give lasting results.

The Forum in its conclusions calls for the State authorities to develop a real public security policy. All actors have their role to play. But what is most important, such a policy must meet the basic needs of the population; it must respond to the will of young people to achieve a better life; it must meet the dignity of the people in the popular neighborhoods; it must respect everyone's rights in order to motivate people to do their duty.

The conclusions of the Forum can be summed up in seven main fundamental points:

1. The respect for the fundamental rights of each person must be respected: social and economic rights are fully part of it;
2. The State must act as a responsible state that seeks to achieve the common good of all and for all, seeking distributive justice and the participation of every human person as part of it; too many authorities are involved in acts of violence and crime;
3. Justice deserves special attention: it must be independent, the criminal chain must function properly; Justice must be close to the population;
4. Politics must return to its true role, and not remain a struggle for power. Politics must regain its true mission to organize society in the interests of all.

5. Road traffic must be without violence; the authorities themselves must respect the principles of road traffic;
6. The Haitian people's mentality deserves change: too much mistrust and fear dwells on relations between people; clientelism and authoritarianism dominate society;
7. The country deserves a good sincere dialogue and a real national debate in order to achieve a ***national security policy*** with a vision and objectives that enable the mobilization of all social actors.

You can read the different conclusions of the Forum in this report. With regard to the last 3 months (July to September 2018), the level of violence in the metropolitan area remains high, especially in the city of Port-au-Prince, because the problem of the 3rd section of Martissant has never been solved. The area has almost become a state in the state. Four (4) departments and half of the Western department are almost cut off from the rest of the country. The State, through Government action must act to bring peace in this area and throughout the country. Specific cases of deadly insecurity are included in this report.

The Secretariat of the Commission thanks the State Authorities that allowed us to verify certain information and data, such as the HNP (Haitian National Police). The Commission salutes you and thanks you for the welcome you will make to this 68th report.

## Carta abierta a las Autoridades Civiles, Judiciales y Policiales del país

La Comisión Episcopal Nacional de Justicia y Paz en colaboración con la Comisión Arquidiócesis justicia y Paz de Puerto Príncipe le saluda respetuosamente. Durante el último mes de septiembre, la Comisión, con la asistencia de varios especialistas, realizó un « ***Foro sobre Violencia y Delincuencia en Haití: Causas y Consecuencias*** ». De una manera especial, estudiamos la violencia en los vecindarios populares.

La situación, por supuesto, esta compleja. Pero depende del Estado asumir la responsabilidad y tomar iniciativas para encontrar soluciones para las frustraciones que dominan en estas áreas. El Estado debe estar presente con los servicios publicos sociales que hacen que la esperanza renazca en un mejor mañana. Un enfoque represivo, sin tocar las causas profundas, dará resultados duraderos.

El Foro en sus conclusiones pide a las Autoridades estatales que desarrollen una verdadera política de seguridad pública. Todos los actores tienen su papel que desempeñar. Pero el más importante sea que la política satisface las necesidades básicas de la población; debe responder a la voluntad de los jóvenes de lograr una vida mejor; debe encontrarse con la dignidad de la población en los barrios populares; debe respetar los derechos de todos para motivar la gente a cumplir sus deberes.

Las conclusiones del Foro se pueden resumir en siete puntos fundamentales principales:

1. Debe respetar los derechos fundamentales de cada persona: los derechos sociales y económicos forman parte de ella;
2. El Estado debe ser un Estado responsable que busque alcanzar el bien común de todos y de todos, buscando la justicia distributiva y la participación de cualquier persona. Demasiadas autoridades están involucradas en actos de violencia y delincuencia;
3. La Justicia merece atención especial: debe ser independiente, la cadena criminal debe caminar apropiadamente; la Justicia debe estar cerca de la población;
4. La política debe volver a su verdadero papel, no como una lucha por el poder. La política debe recuperar su verdadera misión de organizar a la sociedad en aras de todos.
5. El tráfico vial debe ser sin violencia; las propias autoridades deben respetar los principios del tráfico vial;
6. La mentalidad de la población haitiana merece un cambio: demasiada desconfianza y temor reside en las relaciones entre las personas, la clientelismo y el autoritarismo domina la sociedad;
7. El país merece un mejor diálogo y un verdadero debate nacional para lograr una política de seguridad nacional con una visión y objetivos que permitan la movilización de los actores sociales.

Puede leer las diferentes conclusiones de este informe. Con respecto a los últimos 3 meses (julio a septiembre de 2018), el nivel de violencia en la área metropolitana sigue siendo alto, especialmente en la ciudad de Port-au-Prince, porque el problema de la 3ª sección de Martissant nunca se ha resuelto. El área casi se ha convertido en un estado en el Estado. Cuatro (4) departamentos y la mitad del Departamento Occidental están casi aislados del resto del país. El estado, a través de la acción del gobierno, debe actuar para lograr la paz en esta área y en todo el país.

La Secretaría de la Comisión agradece a las autoridades estatales la verificación de determinadas informaciones y datos, como la PNH (Policía Nacional). La Comisión los saluda y les agradece la acogida que harán a este informe 68th.

Mme Jocelyne Colas Noel, Directrice Nationale

Joseph Joel, Secrétaire Général de Jilap Port-au-Prince

Me Rovelsond Apollon, Responsable de l'Observation  
Port-au-Prince, 18 octobre 2018

# Fowòm sou vyolans ak kriminalite

## Konklizyon ak pwopozisyon

Sitiyasyon vyolans nan peyi a grav, sitiyasyon kriminalite nan peyi a grav. Yon siy ki klè, se jan yon seri katye popilè tounen yon leta nan Leta a. Sitiyasyon Tibwa, Gran Ravin, Matisan el. se egzanp klè ki fè nou konprann pa gen kontwòl otorite. Vyolans ak ensekirite layite kò yo tou nan plizyè zòn an pwovens tankou Chalon ak Akayè. Pafwa gen kèk otorite ki ta va menm enplike nan sitiyasyon vyolans ak kriminalite nan peyi a. Li ijan pou sosyete sivil la pale epi aji. Anpil chwa enpòtan dwe fèt anvan l pa twò ta. Se moun kap viv nan peyi d Ayiti, yo gen diyite tankou tout lòt pèp, yo se imaj Bondye tankou tout lòt nasyon, men depi plis pase 30 lane, ayisyen an pèdi valè l nèt akòz vyolans ak kriminalite ki pèdi fren nan peyi a.

### Ki vizyon nou

Nou vle yon sosyete Ayisyèn demokratik kote chak moun enpòtan epi patisipe nan non diyite l genyen kòm moun nan tout desizyon ki konsènen l epi ki konsène peyi a. Nou vle yon demokrasi reyèl nan kad yon eta dedwa, kote enstitisyon yo jwe wòl yo, lè sa a ap gen yon bon dyalòg epi sitiyasyon vyolans yo nan tout kat kwen peyi a va bese.

Dwe genyen respè pou tout dwa moun genyen, pa sèlman pou dwa sivil ak politik yo. Paske sous vyolans se nan vyolasyon dwa sosyal, ekonomik, kiltirèl... li ye, san n pa bliye wòl Lajistis genyen pou mete lapè nan sosyete a. Vyolans anpeche pou gen bon jan devlopman ekonomik ak sosyal. Kote moun ap viv nan chomaj, nan grangou ak mizè, kote k pa gen swen lasante ak edikasyon pou jèn yo ki prepare yo pou viv anndan sosyete reyèl la, ap gen fristrasyon kote vyolans pran pye pi fasil, kote lamizè ap sèvi pretèks pou zak kriminel. Li lè, li tan pou gen yon bagay ki fèt.

Dwe genyen yon politik piblik pou sekirite nan peyi a. Se Leta ak diferan branch oswa pouvwa li yo ki dwe elabore li, etan l rann li kont jan tout sosyete a ak tout aktè l yo dwe antre ladan li. Leta dwe elabore yon politik nan zafè sekirite ansanm ak tout aktè sosyal yo, li kòdone l, epi li asire yo mete li an pratik.

### Men kèk bagay nou dwe konsidere

- Kòm Ayisyen, nou dwe pran konsyans ki moun nou ye, nou dwe konsidere pwòp kilti n ak eritaj nou, nou dwe byen konnen tèt nou ak istwa nou. Nou dwe konnen moun nou ye a kòm Ayisyen, nou dwe kontan moun nou ye a tou. Se kondisyon pou n kapab apresye epi kolabore ak lòt nan yon pwojè chanjman. Nou pa dwe panse pou tèt pa

nou sèlman, men nou dwe devlope yon pwojè ki makonnen nou ansanm. Nou dwe lite pou genyen yon Leta ki pran ka chak grenn moun k ap viv nan peyi a. Lè sa a chak katye pa p oblije genyen pwòp chèf gang li.

- Li lè pou n aji, nou pa kapab rete tann. Anpil moun kòmanse wè jan l enpòtan pou sitwayen yo chanje. Nou dwe aji. Anpil chwa dwe fèt. Men tout aksyon dwe yon aksyon eklere epi ki vize sa k byen pou tout moun.
- Gen kèk òganizasyon baz nou pa dwe bliye paske yo enpòtan pou sosyete a gen yon santiman inite ladan l: lafanmi, lekòl ak legliz yo. Yo tout genyen gwo enfliyans pou fòme timoun ak jèn yo pou denmen, men tou pou bay bon jan motivasyon ak etik nan tout aksyon nou dwe mennen.

### **Ki sa n rele vyolans ? Ki sa n rele kriminalite ?**

- Vyolans se sèvi ak fòs fizik ak pouvwa kont tèt ou, kont lòt yo, kont gwoup oswa sosyete a. Rezilta se domaj, lamò. Vyolans detwi lavi. Li enpòtan pou n souliye l, anpil vyolans fèt an silans.
  - Kriminalite pale sou zak y ap fè kont lalwa ak nòm sosyal yo. Yon krim se yon zak ilegal ; li detwi enstitisyon yo ak lavi sosyal.
  - Konsa gen zak kriminèl ki pa gen vyolans fizik dirèk ladan l, men ki gen gwo konsekans sosyal tankou krim finansye.
  - Trafik woutye, se yon espas gwo vyolans pou divès rezon. Anpil moun pèdi vi yo, oswa rive blese oswa twomatize ... Anpil vyolans nan trafik se zak kriminèl yo ye.
- Tout bagay sa yo depase limit yo nan peyi a, nou dwe leve kanpe pou nou di ase, ase !

### **Men kèk kote nou dwe aji yon fason prese prese**

#### **1. Fè respekte tout dwa chak moun genyen**

#### **Men ki jan sitiyasyon an ye :**

Pi fò diskou sou dwa moun pale sou dwa sivil ak politik yo; men tou, kote moun ap viv nan kras, yo pa kapab deside pou tèt yo, libelibè. Dwe gen patisipasyon, men patisipasyon mande yon minimòm respè pou dwa sosyal ak ekonomik yo, epitou gen dwa ki mare ak anviwònman kote n rete. Vyolans mare dirèk ak kondisyon lavi moun yo ap viv.

Gwo reyalite ki montre yo pa respekte diyite ak dwa moun nan peyi a, se lè n gade vyolans ak kriminalite k ap fèt nan peyi a, ak tout enpinite ki mache ak vyolans e kriminalite chak jou, men pafwa pa gen moun ki di anyen, tankou se yon bagay nòmral.



## **Men ki sa ki dwe fèt**

- Leta dwe mete yon kad legal kote yo respekte dwa chak moun genyen selon sa Konstitisyon 1987 la mande a. Konstitisyon peyi a afime dwa yo, men pa gen kad, pa gen politik piblik konkrè ki pèmèt popilasyon an jwi dwa yo ak diyite, pa gen lwa k ap di ki jan ak nan ki kondisyon tout sitwayen ak sitwayèn yo, menm sa k pi pòv yo, ap kapab jwenn sa y ap chèche a tankou yon dwa yo genyen.<sup>1</sup>
- Chak sitwayen dwe respekte pwòp tèt li ak diyite chak lòt sitwayen genyen, paske pa gen anyen sou tè sa a ki gen valè yon moun genyen.

## **Men ki aksyon nou dwe soutni**

- Travay pou yo tabli sekirite pou tout sitwayen ak sitwayèn yo.
- Konbat tout fòm enpinite ki genyen. Konbat pou fè moun, sitou sa k nan yon pozisyon reskonsablite, reskonsab zak yo epi repare move konsekans zak yo.

## **2. Yon Leta ki merite konfyans popilasyon an**

### **Men ki jan sitiyasyon an ye**

Leta a pa jwe wòl li kòm sa dwa. Gen pwoblèm lejitimite otorite yo, paske popilasyon an pa t patisipe kòm sa dwa pou mete reskonsab yo ; eleksyon yo pa garanti demokrasi. Okontrè, paske popilasyon an pa patisipe, anpil otorite mare ak vyolans epi kriminalite. Gen otorite ki ankouraje epi ki sèvi ak vyolans pou asire pwòp avni politik yo.

Gen katye kote Leta pa antre ditou. Pi gwo prèv ki montre moun pa viv selon diyite yo, se lè n gade tout vyolans dwa moun ak tout enpinite ki genyen nan peyi a, epi Leta ayisyen pa di anyen. Anpil otorite yo montre yo pa alawotè reskonsablite yo, yo manke konpetans.

Gen otorite ki manke motivasyon. Souvan menm, reskonsablite ak konpetans chak otorite pa klè, epi youn chèche dominan lòt, olye yo kolabore, ranfòse ak konplete youn lòt. Pa gen elegans ant yo. Prensip delegasyon pouvwa<sup>2</sup> a pa egziste nan vokabilè reskonsab nou yo.

---

<sup>1</sup> Egzanp : nan kèk katye moun yo pa kapab sikile libelibè, yo tankou moun ki nan prizon lakay yo. Ak ki lwa y ap defann dwa yo pou mache libelibè a ? Ki politik piblik ki genyen pou asire dwa sa a ?

<sup>2</sup> Nan Ansèyman Legliz la tou nou pale sou « sibsidyarite » : tout desizyon ak aksyon dwe pi pre sitwayen yo posib.

Leta pa gen okenn politik piblik pou kontre ak vyolans ak kriminalite k ap ravaje peyi a. Epoutan, wòl Leta a se asire l tout moun kab viv ak diyite, epi gen yon kad kote yo respekte dwa moun.

### **Men ki sa ki dwe fèt**

- Sitwayen ak sitwayèn yo dwe patisipe pou mete sou pye yon Leta reskonsab. Yo dwe òganize eleksyon yo yon fason pou yo kreye konfyans lakay sitwayen ak sitwayèn yo nan divès sèvis Leta yo tankou ONI, achiv, etasivil el.
- Nou dwe gen yon Konsèy elektoral ki otonòm, kote okenn fòs politik oswa ekonomik pa gen enfliyans sou li oubyen kapab itilize li pou yo chanje rezilta eleksyon yo.
- Leta dwe mete sou pye yon politik piblik nan zafè sekirite ki mete tout aktè Leta ak prive yo ansanm pou mennen aksyon efikas kont vyolans ak kriminalite.
- Plizyè bagay dwe fèt ki depann reskonsablite Leta a dirèk, tankou: asire sekirite fwontyè peyi a; kontwole zam k ap antre nan peyi a, epi rejistre kote yo ye ; retire tout zam ilegal ki nan men sitwayen yo.
- Leta a dwe yon aktè aktif nan domèn sosyal nan katye yo. Li dwe jere ak amenaje teritwa a byen. Li dwe defini diferan sèvis piblik chak sitwayen ak sitwayèn merite jwenn toupren lakay li, epi li dwe mete yo sou pye.
- Yo dwe klarifye wòl lapolis la genyen, ak rapò l ak diferan pouvwa Leta yo (n ap gade sa pi devan).

### **Men ki aksyon nou dwe soutni**

- Etidye epi pwopoze amandman nan nouvo lwa elektoral la yo fenk soumèt bay palman an. Plizyè òganizasyon dwa moun te patisipe nan deba yo, kounye a yo dwe kontwole ki rezilta yo jwenn.
- Etidye epi pwopoze amandman nan konstitisyon peyi a, komite lachanm nan mete devan nasyon an. Plizyè òganizasyon dwa moun te patisipe nan deba yo pou fè pwopozisyon. Kounye a yo dwe kontwole ki rezilta yo jwenn.
- Leta dwe mete sou pye yon politik piblik nan zafè sekirite, ki kòdone diferan aktè nan Leta ak nan sosyete sivil la tou, pou yon aksyon efikas kont vyolans ak kriminalite.

### 3. Lajistis merite yon atansyon espesyal

#### Men ki jan sitiyasyon an ye

Lajistis pa fonksyone jan sa dwe fèt. Li pa ede sitwayen yo regle konfli yo ak zouti lalwa bay pou gen lapè nan kominote a. Okontrè lajistis se yon sous vyolans ak fristrasyon li ye. Lajistis pa yon pouvwa endepandan nan Leta, okontrè li anba bouch Egzekitif ak Lejislatif la.

Gen 3 gwo pwoblèm k ap boulvèse sistèm jidisyè nou genyen an :

- Olye Lajistis ap pwoteje dwa moun, li fè moun (pòv yo) konprann yo pa gen dwa ditou ;
- Fòmasyon avoka yo resevwa, ak sa lekòl dedwa yo bay, bese anpil. Li pa adapte ak nouvo reyalite yo, epi sistèm nan ankouraje yon mantalite koripsyon. Konsa yo pa fòme moun konpetan ki byen motive. Sèvis enspeksyon edikasyon nasyonal la ak inivèsite yo pa fè devwa yo pou yo kab korije pwogram yo;
- Sistèm jidisyè a plen kliyantelis ak moun pa. Nominasyon jij yo pa klè.

Yo pokò ka janm regle koze nominasyon jij yo. Se depite, senatè ak ministè a ki pwopozè kandida pou Prezidan an nonmen yo. Paske yo pokò ka janm mete sou pye kolektivite teritoryal yo, pa gen okenn patisipasyon sitwayen lè yo mete jij yo. Tout sitiyasyon sa yo fè jij yo pa aji libelibè, desizyon yo toujou politize.

Yon siy klè ki montre jan Lajistis pa fonksyone se kesyon detansyon prevantiv pwolonje a, ki touche sitou jèn gason pòv nan katye popilè yo. Kondisyon lavi nan detansyon ak nan prizon yo pa respekte kritè ki pi piti yo pou moun viv ak diyite ladan l. Prizon yo tounen kote k gen fristrasyon epi moun aprann pratike vyolans ak delenkans pi byen.<sup>3</sup>

#### Ki sa k dwe fèt

- Gen yon kesyon fondamantal pou sosyete a reponn: ki jistis k ap ede n konstwi demokrasi ak yon Leta dedwa? Lajistis dwe tounen yon vrè sèvis piblik k ap ede sosyete a grandi, kote dwa sitwayen yo garanti. Lajistis dwe endepandan ak lòt pouvwa Leta yo epi li dwe nan sèvis demokrasi a.

---

<sup>3</sup> Sosyete sivil la, atravè *Fowòm sitwayen pou refòm Lajistis la*, te fè anpil jefò pou mete deyò yon pakèt pwopozisyon pou fè refòm Lajistis la vin yon reyalite : yon Lajistis ki endepandan, ak yon chèn penal ki mache kòrèk, epi ki pwòch popilasyon an paske gen asistans legal, li pa koute twòp, li pa pran twòp tan, gen avoka, apantè, isye ki pa nan koripsyon. ... Tout sèvis Lajistis yo ap aji anfavè sitwayen ak sitwayèn yo. Nou kapab konsilte diferan dokiman *Fowòm sitwayen an* te pibliye sou sa.

- Jijman yo dwe kòrèk epi ekitab. Jij yo dwe sèvi ak mwayen lasyans bay yo pou etabli prèv yo, sa vle di, jij yo dwe mande avi ak konsèy moun lasyans kapab bay. Lajistis dwe pi pre tout popilasyon an, sinon li pèdi sans li.
- Popilasyon an kapab sèvi tou ak lòt mwayen pou jere konfli yo, tankou dyalòg, medyasyon, negosyasyon ak abitraj, paske tout bagay pa dwe ale devan yon tribinal.
- Kondisyon lavi moun nan detansyon ak nan prizon dwe kòrèk, selon sa respè pou moun mande. Sa k nan detansyon ak sa k gen tan jije pa dwe nan menm selil. Gwo kriminèl ak moun ki fè ti zak yo pa dwe ansanm. Dwe gen bon jan pwogram pou ede moun retounen nan sosyete a apre yo fini ak sanksyon yo. Sinon se pi mal y ap vin pi mal.
- Gras a yon sistèm Lajistis k ap byen mache, dwe genyen sanksyon kont moun k ap detounen lajan Leta, ki nan vyolans ak nan krim. Egzanp: lajan OAVCT se lajan trafik woutye li ye, li dwe sèvi pou amelyore kondisyon trafik woutye nan peyi a. Li pa la pou fè politik.

### **Men ki aksyon nou dwe soutni**

- Yo dwe vote plizyè nouvo lwa, tankou Kòd penal la, Kòd pwosedi penal la, ak yon lwa elektoral. Tout lwa sa yo dwe montre chanjman nan mantalite pèp la, paske pafwa, lwa yo ki la kounye a favorize vyolans ak kriminalite, yo prèske pa itil ankò.
- Yo dwe pote yon seri chanjman nan chapant Lajistis la menm. Komisè gouvènman an dwe gen yon manda, epi li dwe sòti nan wòl politik li, pou antre nan sistèm jidisyè a menm.
- Nominasyon jij yo pa dwe nan men Egzekitif la ak pouvwa politik yo sèlman. Sosyete sivil la dwe mobilize pou sitwayen yo tou gen mo pa yo nan nominasyon jij yo.
- Lwa yo dwe fèt an kreyòl pou tradui yo an franse annapre, paske se an kreyòl moun yo reflechi.<sup>4</sup>
- Lasyans ak medsin legal la dwe pran plas yo pou rive nan yon jistis kòrèk ak ekitab.

---

<sup>4</sup> Gen plizyè lòt pwopozisyon sosyete sivil la dwe soutni, tankou sa k gade kondisyon lavi nan prizon yo : Sistèm penitansye a dwe sòti anba lapolis, epi dwe gen vrè pwogram pou pèmèt detni ak prizonye yo kapab re-entegre sosyete a, apre yo fin lage yo.

#### **4. Pou sa k konsènen lapolis**

##### **Ki jan sitiyasyon an prezante**

Ki kote lapolis ye nan tout pwoblèm popilasyon an ap sibi nan katye popilè yo ? Matisan ... Chalon ... Akayè ... Popilasyon an ap tann anpil nan men yo, men yo konstate lapolis manke prezan, anpil fwa menm polisye yo absan. Epoutan, se sèl lapolis ki gen dwa pote zam selon sa lalwa pèmèt. Lame tou pote zam, men wòl lame a se pa al konbat ak sitwayen e sitwayèn.

Nou konstate feblès lapolis nan pwoteje lavi ak byen moun kote k gen vyolans nan katye yo. Eske lapolis manke fòmasyon pou sa ? Pi mal, popilasyon an konstate gen polisye ki marande ak kèk gang. Yo konstate otorite Leta yo tou konn soutni gang pou kontwole teren an. Yo konstate pouvwa politik yo vle dominen lapolis jan sa parèt nan konfli ki genyen ant CSPN (Konsèy Siperyè Lapolis) nan ak Wo Kòmandman Lapolis la. Otorite yo mete anpil polisye nan sèvis tout kalite chèf yon fason dirèk, epi y ap fè vyolans sou moun nan jan yo akonpaye otorite yo. Konsa, menm si gen 15.000 polisye pou tout peyi a, se yon ti ponyen sèlman k ap sèvi popilasyon an. Epitou, gen polisye ki nan Administrasyon Prizon yo (DAP).

Nou pa kapab detache travay lapolis la ak tout lòt bagay Leta dwe fè pou gen lapè nan katye yo ak nan peyi a. Lapolis tou se yon sèvis piblik ki dwe nan sèvis popilasyon an. Menm jan ak lekòl, sèvis lasante, sèvis piblik lajistis yo, ak tout lòt.

##### **Ki sa k dwe fèt**

- Sekirite se yon pwoblèm Leta li ye. Se tout aktè yo ansanm, ni nan Leta ni nan sosyete a ki dwe aji nan kad yon politik piblik sekirite. Men lapolis gen wòl pa l.
- Lapolis dwe ranpli wòl li an plen pou mete lapè nan kominote yo ak nan lespri popilasyon an. Travay sa a pa vle di sèlman kenbe wout nasyonal yo ouvè pou trafik la kapab fèt. Sitwayen ak sitwayèn yo k ap viv anndan katye yo dwe konnen yo menm tou fè pati yon nasyon ki pran swen yo. Yo se sitwayen ki gen dwa viv nan lapè anndan yon peyi.
- Lapolis dwe pran sanksyon kont manm li yo ki fè abi pouvwa, ki mele nan vyolans, ki manm nan gang, ki nan trafik dwòg ak nan koripsyon, ak lòt aktivite k ap detwi kominote a.
- Lapolis dwe konnen se popilasyon an menm ki premye alye li. Dwe gen yon relasyon konfyans ak popilasyon an, paske se nan kolaborasyon ant tout aktè yo, vyolans kapab fè bak.
- Polisye yo merite Leta trete yo kòrèk poutèt sèvis yo rann sosyete a. Se pa yo ki pou egzije popilasyon an peye yo; se Leta ki dwe yo yon tretman ki kòrèk.

- Lapolis dwe genyen yon sèvis entelijans endepandan. Se pa manm gang ki dwe ba l enfòmasyon sou lòt gang oswa sou kriminèl yo.
- Yo dwe defini byen klè ki wòl diferan inite yo nan lapolis la genyen, paske menm si travay yo ak metòd entèkansyon yo diferan, se yon sèl kò lapolis yo ye.
- Lapolis anba Ministè Lajistis ak Sekirite piblik la, men li se ogzilyè Lajistis. Egzekitif la pa dwe fè lapolis tounen yon zouti politik nan men l pou fè represyon sou gwoup ki pa dakò ak li.

### **Ki sa n dwe apiye**

- Oganizasyon dwa moun yo dwe denonse tout vyolans ak abi pouvwa polisye yo ap fè sou sitwayen yo nan kad travay yo. Yo dwe denonse chak fwa otorite yo sèvi ak yo pou vyole dwa moun ak pou fè politik.
- Oganizasyon dwa moun yo dwe plede pou DAP la sòti anba otorite PNH, paske arete moun yo sispèk, kenbe yo nan detansyon, gade moun Lajistis fin kondane yo, epi travay pou reensèsyon yo, se bagay ki mande diferan apwòch. Menm enstans ki arete moun pa dwe reskonsab pou gade yo nan detansyon. Detni ak prizonye pa dwe anba depandans lapolis pou amelyore kondisyon lavi yo nan prizon an.
- Prizon yo merite yon pi bon jesyon, pou yo sispann travay kòm lekòl kriminalite.
- Oganizasyon sosyete sivil la dwe apiye tout jefò pou lapolis fè pou jwi konfyans popilasyon an. Sitwayen yo dwe kolabore ak lapolis, paske silans se konplisite, epi sa detwi sosyete a.
- Lapolis dwe elabore yon plan sekirite pou katye popilè yo ki anba dominasyon gwoup ak zam kounye a.

## **5. Politik dwe fèt yon lòt jan**

### **Men ki jan sitiyasyon an ye**

Yon konsta JILAP fè nan obsèvasyon l yo, se jan politik la mele ak vyolans ak kriminalite. Gen moun nan pouvwa ki wè l tou nòmal pou sèvi ak gwoup ak zam pou reyalize enterè yo. Melanj k ap fèt ant kriminalite, lapolis ak politik la, se peyi a ki peye sa ; se yon sous gwo tèt chaje. Bagay sa yo kòmanse revòlte anpil moun, tout moun ap viv nan kè sote.

Twòp depite ak senatè bay prèv se enterè pèsònèl y ap regle nan politik y ap mennen an. Gen yon kesyon konpetans tou ki poze nan nivo sa a. Popilasyon an gen difikilte pou l vote moun ki konpetan.

Yon gwo pwoblèm se fason sitwayen ak sitwayèn yo montre yo pa fè politik la konfyans, epi yo pa kwè si ak eleksyon ou kapab reyalize chanjman nan otorite ak enstitisyon yo. Anpil depite ak senatè, se yon ti ponyen moun ki te mete yo, konsa, gen yon gwo pwoblèm lejitimite otorite yo ki sòti nan eleksyon.

### **Ki sa k dwe fèt**

- Politik la dwe tounen « sa l dwe ye a »: yon aktivite pou òganize sosyete nan enterè sa k bon pou tout moun. Politik se yon bèl bagay li ye, men li gen pwòp egzijans ak motivasyon pa l pou l fèt byen. Valè etik ak moral yo dwe antre nan aktivite politik la.
- Politisyen yo pa kab kontinye fè politik la jan y ap fè a, nan sèl enterè yo, kote y ap ankouraje vyolans ak kriminalite, paske se li k bon pou yo.
- Otorite yo tankou minis ak direktè jeneral dwe reskonsab pou tout zak yo poze pandan y ap fè travay yo. Si gen plent se devan tribinal la pou yo reponn. Gen plizyè lwa sou administrasyon piblik la ki mete pou sa kounye a, paske gen twòp fòmalitye pou ranpli.
- Kesyon « iminite » depite, senatè ak prezidan an genyen, mande yon bon etid ak konsiderasyon. Li pa kapab yon sous enpinite ; li pa kab etann sou chofè ak sekirite ki mache ak yo. Prensip iminite a dwe klè epi li dwe gen limit.

### **Men ki aksyon nou dwe mennen**

- Fòk nou gade lwa elektoral la ki devan palman an kounye a.
- Edikasyon sivik la dwe konvenk sitwayen yo pou patisipe pi plis nan eleksyon yo kòm chimen pou gen otorite ki konpetan epi ki byen motive. Se nan eleksyon yo mete otorite politik yo nan yon sistèm demokrasi.
- Fòk gen yon lwa ki defini pi byen sa iminite pou palmantè yo vle di.
- Tout otorite dwe soumèt devan lalwa, menm nan trafik woutye. Se pa lapolis ki dwe nan sèvis otorite yo pou yo kapab vyole lwa yo pi fasil. Fòk genyen yon kò brigad espesyal pou akonpaye otorite yo si nesèsè, paske lapolis la manke efektif pou pwoteje ak sèvi mas pèp la se yo ki pou fè sekirite palmantè yo.<sup>5</sup>

## **6. Sou trafik woutye**

### **Men ki jan sitiyasyon an ye**

---

<sup>5</sup> Nou etone tou lè nou wè pafwa yon jij, yon senp sitwayen genyen 2 oubyen 3 polisye kap bal sekirite. Pafwa nan kèk ajans vwayaj routye tou nou konstate se polisye kap fe sèvis sekirite. Bagay sa yo pa nòmal ! Nan yon peyi kote pa menm gen ase polisye pou proteje ak sèvi plis pase 11 milyon moun, tròp polisye ap fè sèvis detache.

Jan trafik wout la fèt, se yon vyolans. Gen konplisite Leta a tou ki absan, ki pa fè sa l dwe fè. Sitiyasyon an grav jous li tounen yon « epidemi », yon bagay sistemik. Konn gen zak kriminèl ladan l tou. Leta konplis, paske li pa di anyen, li absan, li pa fè anyen pou pwoteje lavi moun. Okontrè, anpil fwa se otorite yo menm ki lakòz gwo ensikirite woutye, paske yo pa respekte okenn prensip. Lapolis konplis ak otorite pou kraze prensip trafik yo.

Wout yo fè anpil viktim. Pa sèlman genyen anpil aksidan, genyen anpil moun ki blese, gen anpil moun ki mouri tou. Se sitou andeyò zòn metwopolitèn nan gwo aksidan konn fèt kote k gen plis moun ki mouri. Trafik moto ogmante anpil, men motomann yo pa respekte prensip. Se kòm si pa gen regleman pou yo. Nan òtopedi nan lopital yo, pi fò blese ki la, se viktim aksidan moto.

Nan nivo entènasyonal, yo aprann nou, gen 5 pilye pou n gade si n vle amelyore ensekirite nan trafik woutye a :

- Gen kesyon sekirite woutyè tankou prezans lapolis, travo piblik, el.
- Gen kesyon enfrastrikti yo: ki jan wout yo ye, siyalizasyon yo, pano yo, ekleraj, el.
- Gen kesyon machin yo: nan ki eta yo ye, èske yo kontwole yo tanzantan? Ki kontwòl Leta, ak ki kontwòl chofè a menm ap fè?
- Gen kesyon konpòtman tout moun k ap sèvi ak wout yo: chofè machin-kijan/kòman yo kondwi? Pafwa yo sou, yo distrè nan telefòn, yo dekontrole nan bay blag el.-, moto ak bisiklèt yo, moun apye yo, moun k ap achte ak vann bò lari, konpòtman otorite yo, lapolis, el.
- Lè gen aksidan kijan nou pwan swen moun ki fè aksidan yo? gen kesyon blese yo, lopital, sèvis anbilans, konsta lapolis ap fè, el.

### **Ki sa k dwe fèt**

- Yo dwe mennen anpil aksyon pou gen pi plis sekirite nan zafè trafik woutye. Sa n rele prevansyon. Se Leta, sosyete sivil la ak lapolis ki reskonsab pou fè prevansyon. Travo piblik tou dwe ladan l. Epi prevansyon tou vle di : edikasyon tout aktè yo pou yo adopte yon konpòtman ki sekirite.
- Lè gen aksidan dwe genyen yon priz anchaj rapid, kòrèk pou sove lavi pi plis moun. Dwe gen konsta rapid e kòrèk, dwe gen konpòtman kòrèk bò kote moun ki premye temwen, dwe gen anbilans, dwe gen lopital ki gen ekipman, dwe gen sèvis transfizyon san.
- Lajistis dwe pran sanksyon epi konbat kòz aksidan yo.
- Dwe gen lwa ki pini moun ki prezan nan yon aksidan epi k ap fè foto voye sou intènèt olye yo pote sekou.
- Lè y ap fè wout, fòk tout siyalizasyon ladan tou. Epitou, yo dwe prevwa antretyen.



## **Ki aksyon nou dwe mennen?**

- Sosyete sivil la dwe angaje tèt li pou ede moun pran konsyans diferan pwen sa yo :
  - Règ yo ki genyen nan trafik pou chofè, pou moun apye, pou moun sou moto : chofè ak pasaje ;
  - Ki sa pou fè lè gen aksidan. Se pa fè foto ki pi konsekan, men avèti otorite ; epi gen jès ki kapab sove moun (men sa mande fòmasyon) ;
- Leta dwe mobilize epi asire fòmasyon diferan ministè yo. Sa mande pledwaye ak presyon sosyete sivil la :
  - Travo piblik
  - Lajistis ak lapolis
  - Sante piblik
  - Sant anbilansye
  - Edikasyon nasyonal pou fòme jèn yo
  - Inivèsite yo pou konprann sityasyon yo pi byen, el.

## **7. Sou mantalite pèp Ayisyen an**

### **Men ki jan sityasyon an ye**

Travay pou chanjman egzije pou n konnen epi pou n asepte mantalite pèp Ayisyen an. Moun yo vle chanjman se vrè, men, anpil moun pè pou aji, paske gen mefyans (depi nan Ginen ...), youn pè lòt. Diktati ak enterè mesken te ankouraje mantalite sa a. Konsa, moun yo dwe konprann, lè y ap fè silans ak sa k fèt ki mal, se konplis yo vin konplis. Ayisyen pè denonse sa k mal nan sosyete a.

Moun yo goumen pou sa k pi piti, pou pwòp sekirite pa yo a. Yo chache solisyon pou tèt pa yo, san yo pa panse pou lòt, pafwa yo ka menm vle toupizi lòt yo pou yo ka vanse. Yo vle kite peyi a pou rezoud pwoblèm pa yo. Konsa tou, yo fasilman antre nan move konbinezon ak zanmitay ki ranfòse koripsyon.

Anpil espas politik vin anvayi ak zanmitay, bay favè, kliyantelis ... administrasyon Leta a ak Lajistis vin plen ak moun ki manke konpetans, oubyen yo pa t nonmen yo yon fason lejitim.

Larelijyon enpòtan pou kenbe sosyete a ansanm. Men, larelijyon ak legliz yo preche oubyen rezilyans ak rezistans, oubyen reziyasyon pou asepte move kondisyon. Souvan se lapriyè yon Bondye ki anlè sèlman ki konte. Reyalite sosyal popilasyon an ap viv, fè lyen sosyal yo vin febli anpil. Konsa, moun yo vin pi fèb devan tout sa k menase yo tankou ensekirite, krim ak zak vyolans nan zòn yo ak katye yo.

Paske moun yo pa fè tèt yo konfyans, epi yo pa wè chanjman ap fèt, gen yon tandans pou moun imite ak repete sa k sòt lòtbò nan lòt peyi. Moun yo pale tou sou akiltirasyon, pou di moun yo pran sa k sòt lòtbò, pafwa se sak pa diy yo, epi yo bliye sa k bon lakay yo menm.

Anpil pawòl pa ede moun aji kòm sitwayen reskonsab tankou: Pito nou lèd men nou la ; el.

Nou dwe di tou : pèp la pa vyolan, li gen yon gwo kapasite pou reziste. Men sitou jèn yo vin pèdi pasyans, paske kondisyon lavi vin pi di chak jou, epi yo mande chanjman.

### **Ki sa k dwe fèt**

- Sitwayen ak sitwayèn yo dwe pran konsyans ak fyè pou pwòp tèt yo. Yo dwe pran konsyans kilès yo ye, kote yo soti, epitou ki jan sosyete a ye.
- Moun yo dwe apresye rezo kominotè yo, ak jan yo enpòtan pou youn apiye lòt nan lavi a. Sekirite se yon bagay nou dwe konstwi ansanm, kote youn ap veye sou lòt. Chak moun pa kab mache ak yon polisye bò kote l. Epitou, lapolis pou kont li pa kapab bay 300 bidonvil nan kapital ak tout peyi a sekirite. Popilasyon an menm konte anpil pou sekirize peyi a.
- Chak moun dwe konprann: vrè enterè l se sa k nan enterè lòt moun ak tout moun. Moun yo pa dwe kontan ak sa k pi piti a, men yo dwe goumen pou « sa k bon pou tout moun ». Piga nou kontante ak ti grapday. « Depi ou nan mete fil bable sou mi pa ou la, ou pa nan yon kominote ankò », paske lè sa, se sèl sekirite pa ou la ki vin pi enpòtan. Nan yon vrè kominote, kay yo pa dwe konstwi ak gwo mi.
- Popilasyon an dwe apresye fòmasyon teknik ak pwofesyonèl, paske se li peyi a bezwen.
- Inivèsite yo dwe mete pwoblèm sosyal yo nan ajennda pa yo: kesyon vyolans. Konsa, obsèvatwa sou vyolans lan, yo te kite mouri, genyen tout enpòtans li. Depi gen pwoblèm ki poze, fòk inivèsite a chèche konprann li pou pote sijesyon ak solisyon.
- Relijyon ak legliz yo, menm jan ak inivèsite a, dwe yon seri espas responsablite ak refleksyon kritik ki dwe ede moun wè klè.

### **Men ki aksyon nou dwe mennen**

- Defini sa vrè edikasyon sivik vle di.
  - Bay konviksyon solid : fè silans sou zak kriminel ak vyolans, se vin konplis ;
  - Aprann bay enfòmasyon kote ou dwe bay li ;
  - Byen konprann ki wòl diferan enstitisyon yo genyen, tankou lapolis, el.
- Sosyete sivil la dwe oblije Leta mete sou pye yon politik sekirite, ki mete tout aktè yo ladan l, tankou : lajistis, politik la, inivèsite yo, legliz yo, lapolis, ... Politik sa a dwe touche ak diferan domèn nan lavi a. Li dwe ranfòse yon pwojè sosyal ak politik pou sosyete a, ki se yon demokrasi kote sitwayen ak sitwayèn yo patisipe.

- Oganizasyon dwa moun yo dwe elabore yon plan kote yo antann sou pwòp wòl pa yo nan pwosesis chanjman peyi a.

## **8. Kesyon dyalòg ak nesosite pou gen yon deba nasyonal ak yon politik nasyonal nan zafè sekirite**

### **Men ki jan sitiyasyon an ye**

Anpil moun pale sou nesosite yon dyalòg nasyonal, men souvan se pou rezon politik, pou tire yon avantaj ladan l. Epoutan, sosyete Ayisyen an ap viv anba gwo tansyon sosyal ak ekonomik ki vin pi grav chak jou.

Gouvènman an tou tanmen yon dyalòg sektoryèl. Men metòd la pa klè, ni kote yo vle rive. Gouvènman an pa montre nan aksyon li yo li konprann ki jan pwoblèm peyi a ye. Yo banalize vyolans la, kriminalite ak koripsyon kòm si yo pa anyen, yo pa fè pwoblèm.

Peyi a bezwen yon dyalòg kote yo brase tout reyalyte peyi a ap viv. Dyalòg sa a dwe Mennen nan yon « nouvo kontra sosyal » sou fonksyònman sosyete a pou tout moun kab viv ladan l. Kontra sosyal la ak lit sosyal yo ap pèmèt yo touche tout pwoblèm ki gade vyolans ak kriminalite a.

Peyi a manke yon politik Leta a pou konbat kriminalite, yon vrè politik piblik ki ramase tout sa k konsènen travay Leta a ak sosyete a dwe fè pou konbat vyolans ak kriminalite. Politik sa a dwe mete laksan sou kominote yo, sou wòl chak aktè, sou valè yo nou dwe ankouraje, sou moralite ak etik, sou bon enfrastrikti ki dwe genyen, sou refòm nan Lajistis, sou nouvo lwa ak pratik peyi a bezwen.

### **Ki sa k dwe fèt**

Nou bay diferan eleman yo ki dwe parèt nan yon politik sekirite piblik pou kontre ak klima vyolans ak kriminalite ki layite kò l nan peyi a. Men ki sa k nesèsè:

- Defini yon vizyon ak ki sa nou vle reyalize pou peyi a.
- Defini gwo pwoblèm yo ki genyen k ap ankouraje vyolans ak zak kriminel nan peyi a.
  - Politik sosyal yo ki reponn pwoblèm sosyal katye popilè yo genyen ak bon jesyon teritwa a enpòtan nan batay kont vyolans ;
  - Fòk yo konprann epi defini wòl lapolis la byen ;
    - Lapolis dwe nan sèvis Lajistis ak popilasyon an pou sèvi lavi ak byen yo ;

- Byen defini wòl diferan inite lapolis la genyen yo ;
  - Retire DAP anba lapolis ;
- Nou te bay plizyè gwo pwoblèm ki konsènen vyolans nan trafik, anba pwen 5.
- **Defini ki rezilta nou vle atenn, tankou :**
  - Kreve kondisyon pou devlope peyi a ;
  - Rive nan yon vizyon sou agrikilti ki chita sou bon tradisyon ak sousi pou resous lokal yo. Nou toujou admèt agrikilti se nannan peyi d’Ayiti ;
  - Sèvi byen ak tout resous lokal yo : inivèsite yo, konpetans lokal yo, valorize konpetans jèn yo, mete aksan sou resous imèn yo, el.
- **Ki aktè nou dwe mobilize :**
  - Fanmi yo (tout kote moun pran swen youn pou lòt), paske se yo k mete baz valè etik ak sans kominote pou timoun ak jèn yo ;
  - Legliz ak relijyon yo, paske yo ede moun bay lavi yo yon sans ak direksyon ;
  - Lekòl yo, kote yo bay jèn yo sa yo dwe konnen pou jere lavi yo nan yon kominote ;
  - **Leta a :**
    - Lejislatif la dwe vote lwa ki adapte e ki reponn ak nesite yo ;
    - Egzekitif la dwe mobilize diferan ministè yo :
      - Sante piblik, Agrikilti, Afè sosyal, Edikasyon, Travo piblik, Lajistis, ...
    - Pouvwa Jidisyè a dwe kondwi nan refòm Lajistis la,
      - Li dwe endepandan toutbon ;
      - Li dwe asire yo nonmen jij ki fè jijman ki kòrèk,
      - Li dwe asire bon fòmasyon pou avoka ak majistra yo.
  - **Oganizasyon sosyete sivil la, tankou :**
    - Oganizasyon dwa moun yo dwe konn wòl pa yo nan domèn travay pou sekirite.
- Defini ki sa edikasyon sivik vle di, epi mennen kanpay yo.
  - Defini valè enpòtan yo ;

- Aprann popilasyon an jere konfli yo nan kominote yo ak medyasyon, konsilyasyon, dyalòg, el. ;
- Aprann atitid sivil yo parapò ak taks yo ak pwoblèm kontrebann ;
- Kreye yon enstans pou aprann moun konn lwa yo epi respekte yo.
- Defini sa kominite yo bezwen, tankou :
  - Zòn yo dwe eklere;
  - Dwe gen sèvis sosyal, prezans Leta a ak sèvis li yo;
  - Dwe gen bon pwogram pou jèn;
  - Dwe gen lekòl klasik ak pwofesyonèl;
  - Leta dwe jere teritwa ak espas yo byen pou yo kab reponn diferan bezwen katye yo genyen.
- Modènize, klarifye misyon epi prevwa mwayen pou:
  - Wòl Ministè Lajistis nan kad yon system jidisyè endepandan;
  - Gadavi ak prizon yo. Yo dwe respekte tout dwa detni yo, epi travay pou re-ensèsyon sa k te kondane yo;
  - Lalwa sou CSPJ merite revizyon sou plizyè pwen.<sup>6</sup>

## **Pou fini**

Pandan 2 jou Komisyon Episkopal JILAP te chita ak plizyè patnè nan « Fowòm sou vyolans ak kriminalite » pou l te ka evalye sitiyasyon vyolans ak kriminalite k ap taye banda nan peyi d Ayiti, pandan l te envite anpil ekspè nan plizyè domèn nan peyi a pou yo te bay avi pa yo. Ekspè yo te chache kòz zak vyolans ak kriminalite yo nan peyi a, epi yo te bay anpil pwopozisyon. Nan espoze ak deba yo, nou te rive konpwann kijan sitiyasyon an ye, kisa ki dwe fèt epi ki aksyon tout moun e chak moun dwe mennen pou mete peyi a sou chimen devlopman. Se sa nou sot montre nan ramase nou sòt fè la a. Koulye a fòk nou ajì. An n eseye mete sijesyon sa yo an pratik pou nou ka genyen yon Ayiti miyò.

Pòtoprens 5 ak 6 septanm 2018

Yon gwoup travay revize epi apwouve ramase sa a, jou ki 3 oktòb 2018

<sup>6</sup> Li enpòtan pou gade kòmantè *Fowòm sitwayen* an te fè sou Lwa a ki kreye CSPJ a.

## Forum

### « Violence et criminalité en Haïti : causes et perspectives »

*Ce texte français retient seulement les propositions.*

*Pour le texte complet, voir la version créole qui est originale.*

La situation de violence et de criminalité bat son plein dans notre pays. Elle est virulente. Cette situation se rend visible dans un constat palpable de plusieurs petits états dans un seul et même Etat-Nation. La réalité de quelques zones comme Martissant, Ti Bois, Grande Ravine, Chalon, Arcahaie, etc. est une manifestation notoire de l'incapacité des autorités administratives de notre pays à contrôler leur circonscription. Ce qui est encore plus surprenant relève du fait que, parfois, il y a une parfaite et malveillante collusion entre certaines de nos autorités politiques et économiques avec les chefs des gangs. De ce fait, la société civile a un devoir impérieux d'agir. En tout, nous devons avoir en tête que les haïtiens sont aussi faits « à l'image et à la ressemblance de Dieu »<sup>7</sup>, ils ont donc droit à une vie digne de la personne humaine. Et pourtant, nous constatons que les situations de violence et de criminalité perpétrées depuis plus de trente ans en Haïti dénaturent l'identité de ce peuple. En conséquence, nous devons agir.

#### **Quelle est notre vision pour Haïti ?**

La société haïtienne que nous voulons doit être démocratique, où tout un chacun se sent important. De cette considération, chacun devra participer, au nom de sa dignité comme personne humaine, dans toutes les décisions qui le concernent et qui concernent le pays. Pour cela, nous luttons pour une vraie démocratie dans un Etat de droit, où toutes les Institutions jouent leurs rôles respectifs. Ce qui débouchera, coûte que coûte, sur un vrai dialogue qui réduirait la violence au sein de notre pays.

Le respect des droits humains ne concerne pas seulement le plan civil et politique, mais a vocation d'être général et intégral, c'est-à-dire qui tient compte de tout homme et de tout l'homme. La violation des droits social, économique et culturel, tout comme le manquement de la justice à son devoir impérieux à garantir la paix dans la société, sont parfois source de violences. Le développement intégral (économique, social, culturel, etc.) d'un peuple ne peut pas se réaliser dans la violence.<sup>8</sup> Là où il y a le chômage, la misère ; là où les soins médicaux font défaut ; là où il n'y a pas une bonne éducation pour la jeunesse à l'intégrité citoyenne, c'est donc laisser la place à la frustration, la violence. Il est grand temps que nous fassions quelque chose !

Le gouvernement et ses alliés (les acteurs sociaux, droits humains, etc.) doivent élaborer une politique de sécurité publique et donner le ton sur sa mise en pratique.

---

<sup>7</sup> Gen 1, 26.

<sup>8</sup> C'est le Pape PAUL VI, dans son Encyclique *Populorum Progressio*, publié le 26 mars 1967, qui nous aide mieux à comprendre cela quand il disait au numéro 76: « le développement est le nouveau nom de la paix ». Dans un pays où le concept "développement" n'existe pas, il est très difficile que la paix règne.

## **Voici ce que nous devons considérer**

- La première chose à faire, en tant qu'haïtien, est d'avoir une bonne connaissance de nous-mêmes, de manière intégrale – à savoir de notre histoire, notre culture, notre patrimoine, etc. Nous devons aussi être contents et fiers de notre identité, de ce qui nous constitue en tant qu'haïtien. Tout cela nous donnera la force de collaborer, d'unir nos forces pour le progrès de notre pays. Nous devons lutter pour qu'il y ait un gouvernement fort et soucieux de toutes les ressources de notre pays ; ce qui découragera les chefs des gangs à constituer leurs petits états.
- L'heure a sonné, nous devons agir. C'est notoire, tout le monde sent la nécessité du changement, mais il faut que nos actions soient éclairées, qu'ils visent le bien de tous et de chacun.
- La famille, l'école, les églises sont des institutions fondamentales qui doivent nous aider à construire le pays dans l'unité ; elles ont de grosses influences sur l'éducation des jeunes et jouent un rôle prépondérant dans l'avenir du pays. Pour cela, ces institutions doivent œuvrer pour une éducation intégrale et adéquate des jeunes, car ceux-ci constituent l'avenir de la nation.

## **Qu'entend-on par violence et criminalité ?**

- La violence peut être considérée comme l'utilisation de la force physique ou la force du pouvoir contre soi-même, contre les autres ou contre toute une société. Elle a comme conséquences : la frustration, le stress, le préjudice, le meurtre, le génocide, etc. Il faut savoir aussi, beaucoup de violences se font de manière silencieuse.
- Quant à la criminalité, elle se définit par les graves et grossières infractions qui portent atteinte à autrui, à la loi et aux normes sociales. Un crime est défini par son caractère illégal ; il annihile les institutions, voire la vie sociale.
- Nous pouvons rencontrer des actes criminels sans violence directe ou visible, mais qui ont des conséquences graves sur la société. Exemple : le crime financier.
- Dans le trafic routier, nous pouvons constater qu'il y a une situation de violence croissante qui se développe. Ces crimes coûtent la vie à beaucoup de gens, dont certains ont de graves blessures et d'autres sont fortement traumatisés.

C'en est trop. Il faut crier haut et fort, assez, assez !

## **Voici quelques endroits saillants où il faut agir en urgence**

### **1. Travailler à faire respecter le droit de chacun**

## **Voici ce que nous devons soutenir**

- Travailler pour l'élaboration d'une politique sécuritaire publique pour tous les citoyens et citoyennes.
- Lutter contre l'impunité, que tous ceux qui abusent de leur pouvoir pour commettre des infractions soient responsables de leurs actes et les réparent.

## **2. L'Etat haïtien jouir de la confiance du peuple**

### **Voici ce que nous devons soutenir**

- On a soumis une nouvelle loi électorale au Parlement. Les parlementaires doivent bien l'étudier. Il y avait plusieurs organisations des droits humains qui ont participé aux débats, maintenant elles doivent analyser les résultats obtenus.
- On doit aussi étudier attentivement les propositions d'amendement de la Constitution haïtienne que la commission parlementaire nous présente. Beaucoup d'organisations qui œuvrent pour le respect des droits humains ont participé aux débats, maintenant elles doivent faire un suivi méticuleux des résultats obtenus.
- Pour contrecarrer la violence et la criminalité, L'Etat haïtien doit mettre sur pied une politique sécuritaire publique qui soit en mesure de coordonner les différents acteurs, tant ceux de l'Etat, que de la société civile.

## **3. Porter une attention particulière à la justice**

### **Voici les actions à soutenir**

- Il faut voter de nouvelles lois comme : le Code pénal, le Code de procédure pénale, la loi électorale. Tout cela doit faire preuve d'un changement de mentalité ;
- Nous constatons que certains lois en vigueur favorisent la violence et la criminalité, d'autant plus, elles sont quasiment surannées ;
- Un grand changement doit être opéré au sein du système judiciaire. Le commissaire du gouvernement doit avoir un mandat, ce poste ne doit pas être une fonction politique. (Pour cela, il faut amender de la Constitution) ;
- La société civile, en syntonie avec les citoyens et citoyennes, doit prendre part dans la nomination des juges. Cela ne doit pas être l'apanage de l'Exécutif seulement et du pouvoir politique en général.
- Nos lois doivent être rédigées en bon créole haïtien pour être traduites en français, et non l'inverse, puisque le créole est notre langue nationale.<sup>9</sup>
- Dans le fonctionnement du système judiciaire, la science et la médecine légale doivent avoir une place spéciale, en vue d'une justice éclairée et équitable.

---

<sup>9</sup> La société civile doit également suivre de près la manière dont on traite les prisonniers et détenus ; Le système pénitencier ne doit pas être sous la dépendance de la police nationale, il doit y avoir un bon programme pour la réinsertion des détenus et les prisonniers dans la société après avoir purgé leur peine.



#### **4. Pour ce qui concerne la Police nationale**

##### **Ce qu'il faut soutenir**

- Les organisations des droits humains doivent dénoncer tout acte de violence et les abus de pouvoir qu'infligent les policiers aux citoyens et citoyennes. Parfois les autorités politiques, voire économiques, utilisent les policiers à leur propre intérêt pour violer les droits de la personne. Toutes ces choses-là sont à dénoncer ;
- Il faut aussi lutter pour que la DAP (Direction de l'Administration pénitentiaire) ne dépende plus de la PNH (Police Nationale d'Haïti), parce que l'arrestation d'un suspect, la garde des détenus et condamnés, la réinsertion dans la société des gens qui ont fini de purger leur peine, exigent chacune des considérations et expertises adaptées ;
- Les policiers ne doivent pas jouer le rôle de geôliers ;
- L'amélioration du niveau de vie des prisonniers et des détenus ne doit pas dépendre de la police qui opère les arrestations ;
- Il faut une bonne gestion des prisons, car depuis quelques temps, nous constatons qu'elles deviennent des écoles de criminalité.<sup>10</sup>
- La police doit jouir de la confiance de la population. Elle n'a pas la vocation de « faire peur ». Puisque sa devise est de « protéger et servir ». Les organisations civiles sont là pour lui rappeler son rôle. Les citoyens et citoyennes doivent aussi collaborer avec la police. Ils doivent dénoncer tous les actes de violence dans la société.
- La police nationale, en lien avec l'Etat haïtien, doit mettre sur pied une stratégie sécuritaire pour pouvoir libérer les quartiers populaires qui sont sous la mainmise des gangs armés.

#### **5. Il faut changer la manière de faire la politique en Haïti**

##### **Voici ce que nous devons soutenir**

- Regarder la loi électorale qui est actuellement au parlement ;
- Une bonne éducation civique solide qui motive les citoyens à participer aux élections. C'est grâce aux élections qu'on peut démocratiquement construire une nation ;
- La loi sur l'immunité des parlementaires doit-être bien définie et clarifiée.
- Les autorités, même dans le trafic routier, doivent se soumettre à la loi ;
- La police nationale a le devoir de « protéger et servir » la population toute entière, elle ne devrait pas se convertir en « agence de sécurité » pouvant servir les gardes du corps des autorités politico-économiques. Pour ces derniers, il faudrait créer un corps ou brigade spécialisée. Parce que la police nationale ne dispose même pas d'un effectif nécessaire pour

---

<sup>10</sup> Très souvent après sa libération, nous constatons que la personne est devenue « audacieuse », qui ne se laisse plus intimider ; elle n'a plus peur de rien. Quel est donc le rôle de nos prisons ?

sécuriser plus de 11 millions de personnes qui vivent dans le pays. Donc elle ne peut pas être au service exclusif des autorités.<sup>11</sup>

## **6. Sur le trafic routier**

### **Qu'est-ce que nous devons entreprendre?**

- La société civile doit s'engager dans une campagne de sensibilisation sur ce qui suit :
  - Les normes du trafic routier à respecter par les chauffeurs, les piétons, les taxi-moto, bref les usagers de la route ;
  - Ce qu'il faut faire lors d'accident. L'essentiel ce n'est pas chercher à prendre une photo, il faut venir en aide aux victimes et avertir les autorités compétentes en la matière (cela nécessite de la formation) ;
- L'Etat doit mobiliser et assurer la formation de ses différents ministères. Cela demande aussi, bien sûr, la plaidoirie et la pression de la société civile sur :
  - Les travaux publics
  - La justice et la police
  - La santé publique
  - Le centre ambulancier
  - L'Education nationale pour la formation des jeunes
  - Les universités, en vue d'une bonne compréhension des différentes situations, etc.

## **7. Sur la mentalité du peuple haïtien**

### **Voici ce que nous devons entreprendre**

- Bien définir ce que signifie l'éducation civique :
  - Donner visions et des convictions solides : celui qui fait silence sur les situations de violence et de criminalité, devient complice de la violence ;
  - Donner de bonnes informations là où il faut le faire ;
  - Il faut bien comprendre le rôle des institutions, comme la police, etc.
- La société civile doit contraindre l'Etat à mettre sur pied une politique sécuritaire inclusive, là où on intègre la justice, les universités, les églises, la police, etc. Cette politique tient compte de tous les aspects de la vie. Elle doit renforcer le projet social et politique.
- Les organisations des droits humains doivent élaborer un plan d'action où elles s'entendent sur leurs rôles respectif dans le processus du changement de notre pays.

---

<sup>11</sup> Nous sommes étonnés de voir dans certaines agences de voyage ce sont les policiers qui remplacent des agents de sécurité.

## **8. Dialogue : nécessité d'un débat national pour une politique sécuritaire nationale**

Pour réfléchir sur les réalités de notre pays, nous avons besoin d'un vrai dialogue national. Ce qui nous permettra d'aboutir à un nouveau « Contrat social » sur le fonctionnement de toute la société. Ce faisant, nous pourrions toucher la problématique de la violence et de la criminalité.

Le pays a besoin d'une vraie politique sécuritaire publique pour combattre la criminalité et la violence qui doit insister sur

- les communautés, le rôle de chaque acteur, les valeurs à encourager, la moralité et l'éthique ;
- les bonnes infrastructures ;
- sur la réforme judiciaire ; sur les nouvelles lois et pratiques dont le pays a besoin pour son développement.

### **Qu'est-ce qu'on doit faire?**

Pour combattre la violence et la criminalité dans notre pays, voici quelques pistes pour une politique publique de la sécurité:

- Savoir ce que nous voulons réaliser pour le pays ;
- Chercher les éléments qui sont à la base de la violence et de la criminalité dans le pays et les éradiquer ;
  - Une politique sociale adéquate aux problèmes sociaux des quartiers populaires ;
  - La bonne gestion du territoire ;
  - Bien comprendre et définir le rôle de la police ;
    - La police doit être au service de la justice et de la population ;
    - Bien définir la fonction de chacune des unités de la police ;
    - La DAP ne doit pas être contrôlé par la police.
- **Définir les résultats attendus, comme :**
  - Des conditions pour permettre le développement du pays ;
  - Une vision sur l'agriculture qui revalorise la tradition et les ressources locales. Dans le temps, nous disions toujours : « Haïti est un pays essentiellement agricole ». Est-il encore possible, aujourd'hui, de repérer cette phrase ?
  - Gérer les ressources locales comme les universités, les compétences locales ; la valorisation des jeunes, les ressources humaines etc.
- **Quels sont les acteurs à mobiliser ?**
  - Les familles, elles sont au fondement de la formation morale, éthique et civile des citoyens ;

- Les églises et la religion, elles nous aident à donner sens et direction à notre vie ;
- Les écoles, elles donnent aux jeunes les bases nécessaires pour une bonne intégration dans la communauté.
- L'Etat :
  - Le Pouvoir Législatif doit voter des lois adéquates qui répondent aux besoins de la société ;
  - L'Exécutif doit mobiliser ses différents ministères comme :
    - Santé publique, Agriculture, Affaires sociales, Education, Travaux publics, la Justice, etc.
  - Le Pouvoir Judiciaire doit entreprendre des réformes sérieuses au sein de l'appareil :
    - Il doit être autonome ;
    - Il doit s'assurer de la nomination de bons juges ;
    - Il doit s'assurer que les avocats et les magistrats reçoivent une solide formation ;
- Les organisations de la société civile, comme :
  - Les organisations des droits humains doivent s'engager, mais aussi connaître leur rôle propre dans le processus sécuritaire du pays.
- Il faut définir ce qu'est l'éducation civique.
  - Définir les valeurs non négociables ;
  - Apprendre aux différentes communautés de pratiquer la gestion des conflits au sein même des communautés par la médiation, la réconciliation et le dialogue ;
  - Apprendre aux gens les attitudes civiles par rapport aux taxes, etc. ;
  - Créer une instance pour la divulgation, la connaissance et le respect des lois.
- Définir les besoins essentiels des communautés, comme :
  - L'éclairage des zones;
  - Le service social, la présence de l'Etat ;
  - De bons programmes pour les jeunes;
  - De bonnes écoles classiques et professionnelles;
  - L'Etat doit bien gérer le territoire et les espaces.

- L'Etat doit être dans le temps,<sup>12</sup> sa mission doit être efficace et fait preuve de prévoyance:
  - Le ministère de la justice doit être autonome ;
  - La garde à vue et les prisons : il faut respecter les droits des détenus, avoir un bon programme pour la réinsertion des condamnés après leur libération ;
  - Il faut réviser la loi sur CSPJ.<sup>13</sup>

En effet, pendant deux jours, la Commission Episcopale Nationale Justice et Paix (CE-JILAP), s'était réunie avec quelques de ses partenaires dans un forum sur la « violence et criminalité en Haïti : causes et perspectives » pour analyser la situation des droits humains en Haïti. Ce faisant, JILAP avait fait appel à plusieurs experts dans différents domaines afin d'accoucher une claire vision de la situation de violence et de criminalité qui existent sur le territoire haïtien. Les intervenants ont, avec dextérité, cherché à comprendre les causes de cette situation terrorisante, pour enfin terminer avec des suggestions en vue d'un avenir meilleur. Dans une atmosphère de dialogue, nous sommes arrivés à comprendre la problématique de la situation, mais aussi et surtout ce que nous devons faire et soutenir pour faire sortir notre chère Haïti de ce marasme où elle se trouve, et de la mettre sur les rails du développement. Voilà ce que nous avons pu développer durant le forum. Maintenant il nous reste à agir d'une manière éclairée et consciencieuse.

Appliquons ces propositions au quotidien pour une nouvelle Haïti !

Port-au-Prince, le 5 et 6 septembre 2018

Ce travail a été révisé et approuvé par un groupe de travail, le 3 octobre 2018

<sup>12</sup> C'est-à-dire un Etat moderne qui est attentif aux changements.

<sup>13</sup> Il est très important de regarder le commentaire fait par le *Forum citoyen* par rapport aux lois qui regissent la CSPJ.

## Sa k atire atansyon n nan rapò 68 sa a

### Jiyè rive sektanm 208

Kantite viktim pou mwa sektanm ou ta di li vin pi piti parapò ak mwa anvan yo. Lè n pale konsa, gen bagay nou pa dwe bliye :

- Obsèvasyon nou yo pa janm kapab bay tout sa k pase, yo pa janm konplè. Anpil nan ka vyolans rive fèt nan katye yo kote li pa posib pou fè bonjan obsèvasyon nòminal.
- Tout 51 viktim (sòf yon sèl) nou note nan mwa sektanm se moun ki mouri ak bal. Pou kategori sa a, chif la rive menm wotè ak mwa anvan yo, sa vle di : 1,7 viktim anba bal chak jou.
- Komin yo ak katye yo kote k gen plis viktim, se toujou zòn Matisan ki nan komin Pòtoprens. Viktim sa yo mouri anba bal nan afwontman ant gang yo, oubyen se moun ki t ap pase, ki inosan.
- Nou fè remake tou chif enpòtan moun ki viktim anba aksidan machin: 45 viktim, 22 nan yo nan Site Solèy. Sa se poutèt yon gwo aksidan ki te rive sou Wout Nèf nan komin nan.

Sou diferan sitiyasyon sa yo, nou te kapab jwenn anpil enfòmasyon nan Fowòm sou vyolans ak kriminalite. Nou pibliye konklizyon yo nan rapò sa a. Pran tan gade yo.

## Quelques faits saillants de ce rapport 68

### Juillet à septembre 2018

Le nombre de victimes mortelles semble diminuer au mois de septembre. Pourtant, il convient de se rappeler :

- Les observations sont nécessairement incomplètes, vu qu'il s'agit de quartiers hors de contrôle d'une observation normale.
- Les 51 victimes du mois de septembre sont tous de morts par balles. On atteint pratiquement le niveau des mois précédents : 1,7 victime par balles par jour.
- Les quartiers touchés par la violence sont toujours la zone de Martissant dans la commune de Port-au-Prince. Il s'agit surtout de morts victimes d'affrontement entre gangs, ou bien des passants innocents.
- A remarquer : le chiffre élevé (45) de victimes d'accident, suite à un accident important qui est survenu sur la Route Neuf.

On trouvera beaucoup d'informations sur les différentes situations de violence dans les conclusions du *Forum sur la Violence et la Criminalité*. Ces conclusions se trouvent dans ce rapport 68. Prenez le temps de les lire.

## Tablo mwa Jiyè rive Sektanm 2018

Fason nou analize vyolans nan Pòtoprens

*Tableau synthèse de la violence à Port-au-Prince*

		Mwa Jiyè 70 viktim	Mwa Out 92 Viktim	Mwa Sektanm 52 viktim
<b>a. Sou idantite viktim yo</b>				
Polis ak ajan sekirite ki viktim		2	-	2
Fanm ki viktim		3	10	5
Timoun ki viktim		1	2	-
Viktim yo pa konnen kilès yo ye		57	79	46
Viktim yo konnen kilès		13	13	6
<b>b. Sou lakòz lanmò yo</b>				
Moun ki mouri ak bal		<b>60</b>	<b>57</b>	<b>51</b>
	Moun ki mouri ak bal lapolis	3	3	5
	Moun ki mouri nan afwontman ak polis	-	-	-
	Moun ki mouri ak bal bandi ki nan gang	19	10	6
	Viktim afwontman ant gang	22	29	22
	Moun ki mouri ak bal nèg ak zam yo pa rive idantifye	16	15	14
Moun ki touye tèt yo		<b>3</b>	-	-
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt		<b>1</b>	-	<b>1</b>
Moun ki mouri nan aksidan		<b>2</b>	<b>34</b>	-
Moun ki mouri nan move tan		-	-	-
Lòt kòz ak sa yo pa konnen		<b>4</b>	<b>1</b>	-
<b>c. Sou kèk katye : ki kote</b>				
Komin Pòtoprens		51	56	42
Komin Site Solèy		1	22	1
Komin Kafou		3	2	-
Komin Dèlma		11	4	6
Komin Petyonvil, wout Frè		-	4	3
Komin Taba		1	3	-
Komin Kwadèboukè		3	1	-
<b>d. Sou kèk lòt sikonstans</b>				
Moun ki mouri sou etikèt vòlò		1	4	1
Etikèt kidnapè/bandi		1	1	-

## Tablo zak vyolans pou mwa jiyè 2018

Jou ak dat ak lè	Enfòmasyon sou non viktim nan	Viktim gason /fanm	Esplikasyon nou ranmase sou aksyon ki pase a	Ki kote, zòn, katye	Ki sa ki touye viktim nan	Sou idantite otè zak la
Dimanch 1 jiyè 2018 nan lajounen	Yon jèn Gason	Gason	Viktim nan mouri nan afwontman ant gang Tibwa ak Gran ravin.	Pòtoprens, Tibwa	Bal afwontman gang	Gang
Dimanch 1 jiyè 2018 nan lajounen	Yon jèn Gason	Gason	Viktim nan mouri nan afwontman ant gang Tibwa ak Gran ravin.	Pòtoprens, Tibwa	Bal afwontman gang	Gang
Dimanch 1 jiyè 2018 nan lajounen	Yon jèn Gason	Gason	Viktim nan mouri nan afwontman ant gang Tibwa ak Gran ravin.	Pòtoprens, Tibwa	Bal afwontman gang	Gang
Dimanch 1 jiyè 2018 nan lajounen	Yon jèn Gason	Gason	Viktim nan mouri nan afwontman ant gang Tibwa ak Gran ravin.	Pòtoprens, Tibwa	Bal afwontman gang	Gang
Dimanch 1 jiyè 2018 nan lajounen	Yon jèn Gason	Gason	Viktim nan mouri nan afwontman ant gang Tibwa ak Gran ravin.	Pòtoprens, Tibwa	Bal afwontman gang	Gang
Dimanch 1 jiyè 2018 nan lajounen	Yon jèn Gason	Gason	Viktim nan mouri nan afwontman ant gang Tibwa ak Gran ravin.	Pòtoprens, Tibwa	Bal afwontman gang	Gang
Dimanch 1 jiyè 2018 nan lajounen	Yon jèn Gason	Gason	Viktim nan mouri nan afwontman ant gang Tibwa ak Gran ravin.	Pòtoprens, Tibwa	Bal afwontman gang	Gang
Dimanch 1 jiyè 2018 nan lajounen	Yon jèn Gason	Gason	Viktim nan mouri nan afwontman ant gang Tibwa ak Gran ravin.	Pòtoprens, Tibwa	Bal afwontman gang	Gang
Dimanch 1 jiyè 2018 nan lajounen	Yon jèn Gason	Gason	Viktim nan mouri nan afwontman ant gang Tibwa ak Gran ravin.	Pòtoprens, Tibwa	Bal afwontman gang	Gang
Lendi 2 jiyè 2018 nan lapremidi	Sekirite Christla chef gang tibwa	Gason	Viktim nan mouri anba bal nan afwontman gang.	Pòtoprens, Tibwa	Bal afwontman gang	Gang
Lendi 2 jiyè 2018 nan lapremidi	Yon jèn gason	Gason	Viktim nan mouri anba bal nan afwontman gang.	Pòtoprens, Tibwa	Bal afwontman gang	Gang
Lendi 2 jiyè 2018 nan lapremidi	Yon jèn gason	Gason	Viktim nan mouri anba bal nan afwontman gang.	Pòtoprens, 4e avni	Bal afwontman gang	Gang
